



Lekòl Piblik Bedford

Enfòmasyon Sèvis Entèpretasyon/Tradiksyon

Ki diferans ki genyen ant yon entèprèt ak yon tradiktè?

Yon entèprèt se yon moun ki bay yon tradiksyon vèbal ant moun ki pale diferan lang. Yo ka fè aranjman pou entèprèt pou reyinyon paran yo, reyinyon lekòl yo, oswa nenpòt lòt enfòmasyon ki bezwen kominike bay paran yo nan yon lang yo konprann.

Yon tradiktè se yon moun ki tradui yon dokiman ekri soti nan yon lang nan yon lòt. Depatman Edikasyon nan Lang Angle ak Edikasyon Espesyal kapab tradui dokiman ke plizyè fanmi ak plis pase yon lekòl pral itilize.

Pou kèk rezon, menm moun yo ka bay tou de sèvis entèpretasyon ak sèvis tradiksyon, sepandan, sèvis tradiksyon ak entèpretasyon yo mande yon fason diferan.

Kouman pou mwen mande yon entèprèt?

Si w bezwen yon entèprèt, tanpri voye yon imèl ba translations@bedfordps.org

. Eseye fè demann ou pi lwen davans ke posib, epi wap resevwa konfirmasyon sou demann ou an.

Kouman pou mwen mande yon tradiksyon telefòn?

Si w bezwen yon entèprèt pou kominike ak yon fanmi pa telefòn, tanpri fè demann ou pa imèl: translations@bedfordps.org

Kouman pou mwen mande yon tradiksyon ekri?

Si w bezwen yon tradiksyon alekri, endike sa nan Sondaj Lang Lakay la ki se yon fòm ou ranpli lè wap enskri nan distri a, epi lekòl la ap voye otomatikman dokiman ki tradui pou rapò pwogrè ak kanè.

Si w resevwa yon dokiman an anglè epi w vle tradui l, tanpri voye yon imèl:
carrie_powers@bedfordps.org epi voye dokiman an epi endike lang ou ta renmen tradui l nan.